LATIHAN SOAL

Pertemuan/Kelas : 16/X
Hari, tanggal : Selasa, 3 November 2026
Bab : BAB 1

A. Wenehana tandha ping (x) ing aksara a, b, c, d, utawa e ing sangarepe wangsulan kang paling bener!

1. Kendhuren iku klebu perangan tindakan simbolis tumrape wong Jawa kanggo memuji lan nggayuh ....
   a. donya
   b. dhuwit
   c. kaslametan
   d. lintang
   e. paugeran
2. Awit kanggone wong Jawa, kabeh prakara kang ana gandheng cenenge karo ....
   a. lakuning urip
   b. bandha
   c. paugeran
   d. kaslametan
   e. busana
3. Kendhuren kasebut uga upacara ....
   a. tedhak siten
   b. slametan
   c. kacar-kucur
   d. panggih
   e. nyadran
4. Artikel sing ngandharake kanyatan-kanyatan miturut panalare panulis diarani ....
   a. eksploratip
   b. eksplanatip
   c. deskriptip
   d. prediktip
   e. prespektip
5. Artikel sing isine nerangake sawijine masalah sing bisa dipahami dening sing maca iki diarani jinis artikel ....
   a. eksploratip
   b. eksplanatip
   c. deskriptip
   d. prediktip
   e. prespektip
6. Panulise artikel kudu migatekake isine ....
   a. irah-irahan
   b. pambuka
   c. isi
   d. dudutan
   e. gagasan
7. Artikel sing isine petungan utawa ramalan apa kang dumadi ing mangkone manut petungane panulise diarani artikel ....
   a. eksploratip
   b. eksplanatip
   c. deskriptip
   d. prediktip
   e. prespektip

8. Artikel sing menehi tuntunan tumrap sing maca kanggo nindakake sawijine pakarya saengga ora kliru utawa salah anggone nindakake yaiku artikel ....
   a. eksploratip
   b. eksplanatip
   c. deskriptip
   d. prediktip
   e. prespektip
9. Artikel kang ana gegayutane karo crita utawa kedadeyan sing wis tau ing sawijining wektu, kasebut artikel ....
   a. naratip
   b. prediktip
   c. eksposisi
   d. argumentasi
   e. persuasi
10. Artikel kang isine kanggo ngajak sing maca supaya bisa nambah elmu sing ditulis saka penulise, kasebut artikel ....
   a. naratip
   b. prediktip
   c. eksposisi
   d. argumentasi
   e. persuasi
11. Teks nonsastra klebu karangan ilmiah yaiku karangan kang dingrembakakake adhedhasar aturan-aturan panulisane lan aturan panggunane basa. Teks utawa karangan kang surasane kedadeyan nyata kang ana ing masarakat diarani teks ....
   a. narasi
   b. deskripsi
   c. nonsastra
   d. argumentasi
   e. persuasi
12. Nyemak wacan nonsastra ing piwulang basa Jawa bisa arupa nyemak pidato, nyemak wara-wara, nyemak pawarta, nyemak biografi, lan nyemak crita. Nyemak wara-wara, nyemak pawarta, lan nyemak crita klebu nyemak ....
   a. ekstensip
   b. intensip
   c. langsung
   d. premati
   e. lugas
13. Teks profil tokoh uga diarani teks biografi. Teks profil tokoh utawa teks biografi ngggambarake tokoh lan prastawa apa bae sing tau dialami dening tokoh kasebut. Teks kasebut klebu jinise teks ....
   a. narasi
   b. deskripsi
   c. nonsastra
   d. argumentasi
   e. persuasi
14. Panganggone krama lugu yaiku marang kanca sing wis kulina, padha drajate lan ngajeni, garwane priyayi marang sing kakung, priyayi marang sedulure tuwa kang luwih cendhek drajate, wong enom marang wong tuwa nanging ora pati ngajeni kanca kang lagi tetepungan. Krama lugu nduweni titikan kabeh tembung-tembunge ....
   a. krama
   b. krama inggil

c. ngoko
d. ngoko alus
e. basa padinan

15. Teks profil tokoh uga diarani teks ....
    a. biografi
    b. figur
    c. pawongan
    d. pahlawan
    e. deskripsi
16. Artikel yaiku sawijining karya tulis lepas isine opini sawijining wong sing wis ngerti babagan masalah utawa objek sing aktual, miturut ....
    a. Sumandiria
    b. Al Aqli
    c. Ensikologipedia Pers Indonesia
    d. Rillan E. Wolseley
    e. Andi Baso Mappatato
17. Artikel yaiku tulisan sing wis ditulis dening pawongan kang ahli ing disiplin elmu, miturut ....
    a. Sumandiria
    b. Al Aqli
    c. Ensikologipedia Pers Indonesia
    d. Rillan E. Wolseley
    e. Andi Baso Mappatato

Gatekna artikel ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomer 8–13!

Kendhuren, Apa Wis Arep Ilang? Saperangan ahli mastani, agamane wong Jawa sing temenan iku sejatine aran Kendhuren. Kendhuren, ora beda pokoking ngibadah. Awit kanggone wong Jawa, kabeh prakara kang ana gandheng cenenge karo lakuning urip, wiwit ceprot jabang bayi nganti tekan matine, klebu prastawa liyane, kayata nggawe omah, lulus sekolah, ketampa nyambut nggawe, kudu dikendhureni. Upacara kendhuren ancase kanggo nggayuh kaslametan. Muga kendhuren uga kasebut slametan. Wong kang wus ngleksanani upacara wujud kendhuren mau, adate banjur rada ayem lan tentrem atine. Pancen kabeh mau gumantung kapracayan pribadine dhewe-dhewe. Kendhuren iku klebu perangan tindakan simbolis tumrape wong Jawa kanggo memuji lan nggayuh kaslametan. Apa kang dadi tata-cara, ubarampe lan lakuning upacara kendhuren sejatine mung media simbolis kanggo nglairake pepingenan utawa panyuwunan marang Gusti Kang Maha Kuwasa. Dadi, yen ditlesik tenan, kendhuren iku klebu wujuding ibadah tumraping wong Jawa kang ngleksanani upacara mau, dadi kaya dene donga.

Sejatine kapan kendhuren wiwit ditindakake dening wong Jawa? Tekan saiki ora ana wong kang ngerti kanthi premati. Sing cetha, tradisi mau tinggalane para leluhur wiwit kujenengkuna. Nalika para ahli nyiyarake agama Islam ing tanah Jawa (abad 14–15), wujud lan mantrane kendhuren diowahi, diganti, lan dicedhakake marang cara Islam. Mula sing kaleksanan saiki, kabeh dongane adate nganggo donga-donga Islam saka Al-Qur'an utawa hadis. Dadi kendhuren saiki sejatine wis ora muni kaya jaman semana wis owah. Apa maneh jamane wis modheren kaya saiki.

18. Tema saka artikel kasebut yaiku ....
    a. sejarah
    b. pendhidhikan
    c. kesehatan
    d. budi pakerti
    e. lingkungan
19. Amanat kang bisa dijupuk saka artikel kasebut yaiku ....

a. kendhuren wis ora diminati masarakat
b. prosesi kendhuren kanggo nguri-uri kabudayaan
c. upacara kendhurenan kudu tetep dilestarekake supaya ora ilang
d. wujud kendhuren diowahi
e. kendhuren mung ditindakake dening wong Jawa

20. Salah sawijining wujud ibadahe wong Jawa kanggo ngonjukaken rasa sokur marang Gusti Ingkang Maha Kuwasa saka rejeki kang wus diparingake diarani ....
a. wetonan
b. upacara ruwatan
c. kendhurenan
d. tedak siten
e. siraman

B. Wangsulana pitakonan-pitakonan ing ngisor iki kanthi wangsulan kang bener!

1. Apa sing kokmangerteni saka tujuan ekstensi saka artikel?
2. Jlentrehna kang diarani tujuan pemecahan masalah saka artikel!
3. Jlentrehna pangertene artikel miturut Ensikologipedia Pers Indonesia!
4. Kepriye pangertene artikel miturut Rillan E. Wolseley?
5. Jlentrehna pangertene artikel miturut Andi Baso Mappatato!